

VAKSINASYON POU TOUT MOUN



Vaksen Pfizer kont COVID-19 pou Timoun yo

- + Premye ak Dezyèm Dòz yo
- + Twazyèm Dòz pou Timoun ki Gen 6 Mwa rive 4 Lane
- + Lòt Dòz Anplis nan Seri Prensipal la pou Moun ki Iminodeprime yo
- + Vaksen Rapel Pou Moun ki Gen 5 Lane epi ki pi Gran yo
- + Ou dwe bay timoun ki gen 6 Mwa pou rive 4 Lane yo yon Dizyèm Dòz nan Fòs Dòz pou Granmoun yo
- + Ou dwe bay timoun ki gen 5 pou rive 11 lane yo yon Tyè Dòz nan Fòs dòz pou granmoun yo

Yo disponib nan nenpòt nan lopital nou yo

Avèk COVID-19 la, li vin pi enpòtan jounen jodia pou w pwoteje tèt ou ak timoun ou yo pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo bon anpil nan redui ris pou w malad, etènè lopital epi menm mouri.

Timoun ou an ka resevwa yon vaksen kont COVID-19 san w pa peye yon goud. Eskane kòd QR la oswa rele nan **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692).

Jwenn plis
enfòrmasyon
sou vaksen kont
COVID-19 yo



Kiyès Ki Dwe Pran Vaksen kont COVID-19?

- + Timoun ki gen 6 mwa pou rive 4 lane yo ka resevwa twa dòz timoun (yon dizyèm fòs) nan vaksen Pfizer-BioNTech la.
- + Moun ki gen 5 lane pou rive 11 lane yo ka pran de dòz pou timoun (yon tyè nan fòs) Pfizer-BioNTech lan.
- + Timoun ak granmoun ki gen 12 lane ak plis ka pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech la.
- + Timoun ak granmoun ki gen 5 lane oswa plis ki gen yon sistèm iminitè fèb akòz yon maladi oswa yon tretman ka resevwa yon dòz Pfizer seri prensipal anplis – yo rele I tou yon twazyèm dòz.

Kilès ki Dwe Pran yon Dòz Rapèl Vaksen Kont COVID-19?

Tout moun ki gen 5 lane oswa plis ta dwe pran yon vaksen rapèl pou pi piti senk mwa apre yo fin resevwa dezyèm dòz seri prensipal vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19 la.

Moun ki gen ant 5 lane pou rive 17 lane ki te déjà resevwa premye seri dòz Pfizer a sa gen plis pase senk mwa kalifye pou pran vaksen rapèl Pfizer a sèlman.

Timoun ki gen 5 lane oswa plis epi ki iminodeprime ta dwe pran yon vaksen rapèl pou pi piti twa mwa apre yo fin resevwa dòz anplis seri prensipal vaksen Pfizer kont COVID-19 la, sa ap bay an total kat dòz.

Lopital ki nan sistèm NYC Health + Hospitals yo bay vaksen Pfizer ak J&J. Sit Sante NYC Health + Hospitals/Gotham Health yo bay vaksen Moderna ak vaksen Pfizer pou timoun 5 lane pou rive 11 lane. Pou w ka jwenn yon lis konplè tout kote y ap bay vaksen yo, ale sou sit entènèt nou an nan: nychealthandhospitals.org.